


ZAKEO, MUZVINABHIZIMISI

 Munhu wose anga achipupura manheru ano, achitaura nezvezviitiko zvikuru. Uye ndinofarira kwazvo zvinhu izvozvo. Uye zvanga zvichiita sokunge munhu wose anga aine kakusetsa muchapupu chake.

² Zvino ndingangowedzera izvi pane changu. Semudzimai wechitema aida kupupura nguva shoma yapfuura, akati, “Mukuru, ndingapupurewo here?”

Ndikati, “Ingoendererai mberi.”

³ Zvino akati, “Ini—ini—ini handisi zvandi—zvandinofanira kunge ndiri, uye—uye ini—uye ini handisi zvandinoda kunge ndiri,” akati, “asi handisi izvo zvandaimbovawo kare, zvakare.”

⁴ Saka zvino zvinoita semanzwiwo andinoita pakati peboka rakadai. Handisi zvandinofanira kunge ndiri, kana zvandinoda kunge ndiri, asi, ndinoziva chinhu chimwe chete, handisi zvandakange ndiri. Uye ndinoshingairira kunharidzano yeKudanwa kukuru.

⁵ Zvakanaka kuva pano. Takava neimwe yenguva dzekuyanana yakaisvonakisa pamwe chete nehama, kumusoro muMarikopa Valley, masvondo maviri apfuura. Ndakati shoshomei. Uye takaona Baba vedu voKudenga vachitiitira zvinhu zvikuru. Uye tiri kungoita izvi kuti tisvitse vanhu pakunamata, uye nokutarisira nhongonya huru munguva yekonivhenisheni ino. Apo . . .

⁶ Ndanzwa kuti ndanga ndiine mukana wokuuya kumusangano uno, neshamwari yangu yakanaka, Hama Tony. Uye ndabvunza katatu, manheru ano, kuti unodudza sei zita iri? Zvino ini—ini ndangotadza kuribata. Zvino ndichangoti “Tony,” kana zvakanongaka. Ndinofunga kuti pano hatinyanyotevera hurongwa, kunyangwe zvakadaro, ndizvo zvatiri here? Munoziva, zvakaita sehumwari. Munoziva, Bhaibheri rakati, “Mwari haana chimiro.” Nokudaro hatina zvitevedzwa.

⁷ Tichiona zvinhu zvikuru izvo Baba vedu voKudenga vatiitira svondo rino, tinofara kuuya kuno kuzogoverana maropafadzo aya pamusangano uno, tichibva tasangana nedzimwe hama, nemi vanhu munobva zasi kuno kudivi rino re—reArizona. Iro, ratinozviziva tose, zasi kuno, kuti ndiro guta guru. Ndanga ndichivaudza svondo rino rose kuti Phoenix inongori kumapeto kweTucson, nguva dzose. Maona? Havambozvitenda, asi tinovagamuchira kuruwadzano rvedu. Zvakadaro, nokuti tiri kumusoro kwavo. Vanotofanira kutarisa kumusoro kwatiri, munoona, kumusoro kuno kuTucson. Zvino imi mose uyai kuno,

tobva taenda zvino kunoshanyira Phoenix, svondo rinotevera, kana kuti pakupera kwesvondo rino, panguva yekuwadzana kumusoro ikoko.

⁸ Tine chinhu chikuru chakaitika ndisati ndapinda parwendo rwekuuya kuno. Ndiri kuda kungatora nguva shoma nokuti ndinofunga kuti zvakafanira. Ini . . .

⁹ Mukufamba makore ose aya ndichiedza kumira mumukaha, masangano akasiyana-siyana nevanhu, Christian Business Men yakava kwandiri sekasipiti mugwenga, ndichitenda kuti Mwari vakagadzira neropa rimwe chete, ndudzi dzose. Uye ndi—ndinozvitenda. Ndinotenda kuti vanhu vaKe vari mumachechi ose. Ndokunge kana Vari Mwari, NdiMwari werudzi rwevevanhu, Mwari wezvisikwa. Uye Anonyatsokwanisa . . . Tarisai pamagwenga nepamakomo, munogona kuona zvaAnoda, nokuti Anozviratidza pachaKe muzvisikwa zvaKe. Uye tinogona kuona kuti pana Mwari ariko. Uye vanhu ava, veFull Gospel Business Men, pandinoenda kumisangano yavo, ndichivaparidzira, zvinobva zvandipa mukana wekutura nemapoka ose akasiyana-siyana, pamwe chete.

¹⁰ Ndakadanwa kune, zvatingati mumutauro wemunyika, kumirira mumukaha zvechimbi chimbi kuitira Demos Shakarian. Munoziva kuti—kuti zvakawandisa zvakadini. Asi ndakange ndiri kuCincinnati mazuva mashoma apfuura, zvino Hanzvadzi Shakarian, pakuziva kwangu, vakaitwa oparesheni. Hama Miner Arganbright, mumwe wevatungamiriri, akauya akati, “Uya tiende tose nemotokari kuCincinnati.”

¹¹ Ndikati, “Ndine mazana evanhu varere pano, vakabva pasi pose, varere muzvipatara izvi nemudzimba, vakamirira kuti ndivanamatre. Vanga vakamirira kuva nehurukuro neni, zvichida vamwe vavo vave nemakore maviri kana matatu, vakamirira, zvino vazopedzisira vasvika imo muno.”

Zvino ndokuti, “Saka, chingouyai neni kwemaminitsi mashoma.”

¹² Ndikati, “Zvakanaka, kudya kwemangwanani ndekwenguvai?” Zvingada kuita mamaera zana nemakumi maviri, ndinofungidzira, kubva pandinogara.

Uye ndokuti, “Zvakanaka, kunotanga kuma eight o’clock.”

¹³ Ndikati, “Zvakanaka, regai ndikuudzei. Tichaenda ikoko zvino, zvakaita kuma four o’clock, uye tosvika ikoko kunodya kudya kwamangwanani. Ndichabva ndadzoka nokukurumidza.”

¹⁴ Zvino pandakasvikako, Hama Shakarian vakange vasipo. Zvino ini ndokufamba ndichipinda. Vakanditi, “Ndizvo chaizvo zvatanga tiri kutsvaga!” Zvino usiku ihwohwo, pane imwe nguva, ndaifanirwa kudzoka kumba.

15 Munguva iyoyo, paiva nomumwe mushumiri weBaptisti akange ati kwati-kwati naBilly, mwanakomana wangu, ndokuti, “Hamusi kunzwisisa, changamire.” Akati, “Mudzimai wangu ari kufa.”

16 Zvino akati, “Zvakanaka, changamire, kana baba vachinge vadzoka.” Ndokuti, “Tine mungava kuvanhu ava, vatavinga.”

17 Munoziva, mumutsara wekunamatirwa, nguva zhinji, mukupfuura nemo, uye pamwe tichiisa munamoto. Asi iwe . . . Dzimwe nguva imwe nyaya inenge yakadzika kudarika izvozvo. Munoono, Mwari vanopodza paine zviga, zvino panogona kunge paine chimwe chinhu muhupenyu hwemunhu iyeye. Uye handina basa kuti chiremba anomupa mushonga wakawanda sei, haambopori kusvikira chinhu ichocho chagadziriswa.

18 Kana ukaenda muhofisi yachiremba womuudza kuti uri kurwara, womutaurira zvaunenge uri kunzwa, zvino kana anga ari muchimbi-chimbi, zvichida anozongokupa mushonga mushoma mauri uine mushonga unopedza marwadzo, zvakangodaro, imwewo aspirini. Chiremba uyu chaari kungoda chete ndechekuti uyende, panguva iyoyo, nokuti anenge asina nguva. Chiremba chaiye akanaka, asati akupa mushonga, anowongorora chirwere chako, zvakakwana, kusvikira awana dambudziko, zvararo ozokupa mushonga.

19 Zvino dzimwe nguva tinoona vanhu vachipfuura nemumitsara iyi yekunamatirwa, munyika dzose, zvino vanongomhanyirako vachifunga kuti Mwari vanofanirwa kubva vavapodza pakare ipapo. Asi pane chimwe zvichida chiri zasi mukati imomo, zvino tinozogara pamberi paShe kusvikira Vazvizarura, kuti chii. Pane chimwe chinhu chine . . . Pane—pane chikonzero kuchinhu chose. Zvino unofanira kuwana chikonzero, kutanga, zvino unobva wazoziva zvaunenge wave kushanda nazvo.

20 Zvino murume wechidiki uyu akaramba akasimbirira. Zvino ini ndakazosvika mangwanani akatevera kuma two o'clock. Zvino dzave kuda awa yeshanu, mwanakomana wangu akandifonera, akati, “Munoziva here musikana anonzi Jean Dyer?”

Ndikati, “Jean Dyer, zvinoita sokunge ndinomuziva.”

Akati, “Mudzimai uyu ati aimbokuridzirai piano.”

21 “O,” ndikati, “haasi here Dr. Dyer, chiremba ari kuno, chiremba ane mukurumbira muLouisville?”

22 Akati, “Ndizvo—ndizvo chaizvo. Saka, mwanasikana wake Jean ave kufa uko kuSaint Edwards Hospital mu . . . kana kuti Saint Anthony Hospital, waro, iri muLouisville.” Zvino ndokuti, “Murume wake ange arere pamasitepisi zuva rose.”

“Zvakanaka,” ndikati, “saka, ndichaedza kumanikidzira mukana wacho nhasi.”

23 Akati, “Zvino, haazvizivi kuti ane kenza. Musamuudze.”

24 Saka, pakupedzisira, zuva iroro, pandakasvika kune kamuri yacho; akange ari mudzimai wechidiki akanaka.

25 Akanga ambondiridzira piano, mu...pandaive paodhitoriyamu, uko kwandaona vanhu veHama Allen, pano manheru ano. Hama Allen vachangobva mukusiya odhitoriyamu imwe chete iyi iri muLouisville. Ndeiya Memorial Auditorium. Zvino Jean Dyer ndiye airidza piyano pachechi yeOpen Door, musinagoge yakare. Zvino saka akange aona zvinhu zvikuru zvakange zvaitwa naIshe Mwari. Akataurira baba vake.

26 Vakangoti, “Ndezve kushandisa pfungwa bedzi. Murume uyu ari kungoverenga pfungwa dzevanhu. Pane...Angoita zvokufembera pazviri.”

27 Akati, “Baba, hakungambova kufembera nguva dzose.” Maona? Akati, “Hazvingambodaro.”

“Zvakanaka,” akadaro, “Jean, kanganwa zvinhu izvozvo.”

28 Zvino akange akatsidzirana nemumwe mukomana akanaka akange ari kuenda kuseminari yeBaptist panguva iyoyo. Akazowanikwa ndokutamira kuRockford, Illinois, kwaive nemusha wemukomana uyu. Zvino neimwe nzira akaedza kubatirira pachapupu chake. Zvino mukomana akazopinda pabasa remunyika, kwapera kanguva ndokupotsa abva panaShe.

29 Musikana uyu akange aine da—dambudziko remadzimai. Akaenda kumba kuna baba vake. Ivo vaiziva kuti akange achizoda kuitwa oparesheni. Akawana maari inonzi...Zvino handizivi zita rainodanwa naro navanachiremba, asi, nokuti ndinoziva kuti muna vamwe vana chiremba vagere muno izvozvi. Saka, yaidanwa, sokuti, chocolate tumor. Zvino i...Mukati imomo, paakaibvisa, anogona kunge akadeura imwe yayo. Zvino zvizenga zvakange zvasvata. Zvino vakamusonanidza, ndokumupa ma x-ray pamwe nokumurapa.

30 Zvino, paakasvika kumba, akaramba achirwadziwa pamwe nokunetseka.

31 Kwapera gore, akadzokera kunobviswa chibereko. Zvino pavakabvisa nhengo dzacho, vakaona kuti kenza yakange yakwira ndokupinda muhura hukuru ikahuputira. Pakange pasisina chaigona kuitwa. Vakaedza x-ray zvakare. Hazvina kushanda. Saka vakangoenda naye kuchipatara ndokumutaurira kuti aingove nedambudziko remadzimai rakakura, zvino apa vange vari kuedza kurirapa. Zvino musikana uyu akange ave kufa.

32 Murume wake akange ari kuzviziva. Saka akauya zvino akanga awana mamwe emabhuku angu, ayo akange averengwa naJean. Zvino akatanga kuuya kuchipatara, achimuverengera.

³³ Zvino patakaenda kunomunamatira, akange achindiudza pamusoro pazvo. Ndakati, “Jean, uyu mukomana akanaka.” Zvino ndakanga ndisingade kuti . . . ndakachengeta chakavanzika ichi, nokuti ndaiziva kuti—kuti iye . . . Mudzimai akange asingazive kuti ane kenza. Saka, mushure memazuva maviri, vakange vachizomuita iyo—iyo oparesheni yekuisa chubhu yokurasa tsvina yemudumbu. Saka vachitora . . .

³⁴ Vasati vatora musikana uyu, saka, vakanditendera kuuya kuzonamata naye. Ndakamuisa mune imwe kamuri. Zvino ndichingo . . . Pakange paine mumwe nesi asingatendi akange ari pbasa; vaive nemanesi matatu, aichinjana kana kwapera maawa matatu. Zvino patakangokwanisa kuita kuti nesi uyu aende, nokumuita kuti abude mukamuri iyi, kuitira kuti paitike chiratidzo, takanamata naye kwechinguva imomo, zvino ndakamuona. Ane vhudzi dema. Anongori nemakore okuberekwa angada kuita makumi matatu nematanhatu. Vhudzi rake dema rakange rachena mvii. Akange akamira muchiratidzo.

³⁵ Ndakati, “Jean, zvino tarisa. Ini ndichanyatsotendeka kwauri.” Ndikati, “Wakange uri mumisangano kwenguva yakareba zvokuti unoziva kuti hapana chandinokuudza muZita raShe kunze kwekunge zviri izvo.” Ndakati, “Zvino, Jean, une kenza.”

Iye akati, “Ndanga ndiri kungozvifungidzira, Hama Branham.”

³⁶ Zvino ndakati, “Iyo oparesheni, yekuswera mangwana, ndeyekuisa chubhu yokurasa tsvina yemudumbu. Asi, usanetseke. Ndaona, kubva kunaShe, kuti iwe uchapora.” Zvino akabva afara. Saka ndakaenda kumba.

³⁷ Zvino zuva raitevera vakange, kuswera mangwana acho, waro, vakange vachizomutora kuti anoiswa chubhu yokurasa tsvina yemudumbu mangwanani iwayo, zvino vakatozo—vakatozomira maminiti mashoma mushure mokunge vamugadzira, nezvimwe zvakadaro, vatogadzirira kuenda. Zvino pakanga paine . . . Akava nemanzwiwo anoitwa nemunhu wose panguva yakadaro, vakamutora ndokuenda naye kuchimbuzi, zvino akazvibatsira zvizere, sezvinotarisirwa. Chiremba akakatyamadzwa zvikuru. Akamuongorora vakare. Mangwanani akatevera . . . Vakabva vairega, ndokukanzura oparesheni. Dr. Hume, mazvikokota akanaka, wekuvhiya, shamwari yangu, ndiye akange ari kuzoita oparesheni yacho.

³⁸ Zuva rakatevera akazvibatsira kuchimbuzi zvizere, sezvinotarisirwa vakare. Zvino baba vake, Dr. Dyer, vakandifonera. Vari pakati pokupfikura, vakati, “Hama Branham, ndanga ndiri mutsoropodzi wezvamunotaura.” Ndokuti, “Asi ndave mutendi zvino, kuti Mwari waAbrahama, Isaka, naJakobho achiri mupenyu.”

³⁹ Agara ari Mwari, Anoramba ari Mwari. Uye tinoziva kuti iYe mukuru kuno kuTucson sezvaAri kwese-kwese, nokuti Ari kwese-kwese, samasimba, uye haana magumo, uye tinoziva kuti Anokwanisa kuita zvinhu zvose.

⁴⁰ Zvino, ndisingakuchengetei kwenguva yakareba. Kazhinji, handiwanzodaro, kana ndichi. . . Kana ndiri kuzoparidza, o, ndichava nechokwadi chekuzokubuditsai mukati memaawa matanhatu. Iyoyo imharidzo pfupi. Asi handisi kuzoita zvakadaro manheru ano. Ndine shumiro mangwana manheru, nemanheru anotevera, zvichienda zvakadaro. Tichaedza. . .

Ndiri kugadzirira kuenda mhiri kwemakungwa zvakare, Ishe vachitendera, izvozvi.

⁴¹ Ndiri kuda kutaura kuvanhu vose vari pano, shamwari, zvichida vamwe venyu ndakambosangana navo kare, uye pamwe pane vamwe vakawanda pano vandisati ndambosangana navo. Ndinokukwazisai nemuZita ralshe wedu Jesu, Mwanakomana waMwari. Dai rugare rwaKe rwagara nemi nguva dzose.

⁴² Zvino ndichitaura imwe nguva mumisangano iyi, zvinoita kuti vanhu va. . . sezvakaita hama dzangu vashumiri vari pano, kuti vataure. . .

⁴³ Mumwe munhu akati kwandiri pane imwe nguva, akati, “Billy, saka, sei uri—sei uri kuwanikwa pane boka ravanamuzvinabhizimisi?” Akati, “Ndaifunga kuti uri muparidzi.”

“O,” ndakati, “Ndiri—ndiri muzvinabhizimisi.”

Iye ndokuti, “Muzvinabhizimisi?”

Ndikati, “Chokwadi.”

Iye ndokuti, “Nda—nda—ndanga ndisingazvizivi.”

Ndikati, “Hongu, ndiri muzvinabhizimisi.”

Iye ndokuti, “Uri mubhizimisi remhandoi?”

⁴⁴ Ndakazvitaure nokukasika, saka iye. . . Ndakati, “Ndiri muLife ashuwarenzei.”

Iye akati, “Chii?”

Ndikati, “MuLife ashuwarenzei.”

Iye ndokuti, “Uri kureva kuti kudini?”

Ndikati, “MuEternal Life ashuwarenzei.”

⁴⁵ Zvino, kana paine mumwe wenyu imi vanhu angada kutaura neni nezvechirongwa ichi, ndingafara kukuona mushure meshumiro. Ndiri—ndiri pano nokuda kwebasa irori.

⁴⁶ Ndinorangarira shamwari yangu, zita rake ainzi Snyder. Takaenda kuchikoro pamwe chete. Uye zvino, inishuwarenzei, ndine shamwari iri mubhizimisi rezveinishuwarenzei. Ndine munin’ina ari mubhizimisi rezveinishuwarenzei, asi ini—ini

zvirokwazvo handina inishuwarenze. Saka Wilmer Snyder uyu, shamwari yangu, shamwari kubvira pahudiki, akauya kwandiri nguva shoma yapfuura, zvino ndokuti, “Ko nhai, Billy,” ndokuti, “ndinoda kutaura newe nezveinishuwarenze.”

47 Ndikati, “Iye zvino, Wilmer.” Ndikati, “Rega ndikutaurire. Ngatitauri zvekuvhima.”

Iye akati, “Kwete. Ndiri kuda kutaura nezveinishuwarenze.”

48 Saka, ndakamutaurirawo nokukasika, zvakare. Ndakati, “Ndine ashuwarenze.” Kwete inishuwarenze; ashuwarenze, muri kuona.

49 Zvino mudzimai wangu akanditarisa, sekunge aiti, “Asi nhai, iwe mutauri muduku wengano.” Iye aizviziva kuti ndakange ndisina inishuwarenze.

50 Zvino iye akati, “O, ruregerero, Billy.” Ndokuti, “Ndizvozvova chaizvo. Munin’ina wako mutengesi weinishuwarenze. Jesse ndinomuziva.”

Zvino ini ndikati, “Zvakanaka,” ndikati, “haasiri iye chaiye anayo.”

Iye ndokuti, “Une inishuwarenze yerudzii?”

Zvino ndikati, ndikati, “Ndine Eternal Life.”

Akati, “Chii?”

Ini ndikati, “Eternal Life.”

51 “Zvakanaka,” akati, “Handitende kuti ndakambonzwa nezvekambani iyi.” Akati, “Kwete. Zvinoshamisa.”

52 Zvino ndakati, “Hezvinoi zvairi, Wilmer.” Ndakati, “Ivimbiso yakaropafadzwa, Jesu ndewangu. O, kufanoravira kwekubwinya kwaMwari kwakadini! Ndiri mudyi wenhaka yeruponiso, ndakatengwa naMwari, ndakabarwa neMweya waKe, ndikashambwa muRopa raKe.”

53 Akati, “Zvakaisvonakisa, Billy, asi hazvikuisse kuno kumarinda.”

54 Ndikati, “Asi zvichandiburitsa. Handisi—handisi hangu kunyanyonetseka nekupinda. Kubuda, ndiko kwandiri kufunga pamusoro pako.”

55 Zvino, kana uine chauri kushushikana nacho, ndichataura newe nezvazvo. Zvino kungoitira kahurukuro kaduku—kaduku kubva mumaGwaro, kunyangwe vari vanamuzvinabhizimisi. Asi ndazvibatidza nemi samuzvinabhizimisi.

56 Zvino vazhinji vehama dzangu vashumiri vari kuno, ndavaona vachisimuka, chinguvana chichangopfuura. Zvino saka pamwe pane imwe nguva, Ishe vachitendera, ndinoda kuzova pamwe neboka iri ndouya tova nemusangano wakanaka wekubatana pamwe nevashumiri vekuno. Ndinoziva imwe hama duku kuno. Ndakasangana naye. Whittle, ndinotenda,

ndiro raive zita rake. Takange tiri kunze pamwe chete, pane imwe nguva. Zvino, ndatadza kuridudza zvakanaka, zvakare. Akandiudza kuti zvakange zvakangonaka.

⁵⁷ Uye zvino zita rangu ndiBran-ham, munoziva. Mumwe munhu akati kwandiri, akati, “Uri...Hama Bran-ham, mune hukama here naAbrahama?”

Ndikati, “Ndiri mwanakomana wake.”

⁵⁸ “‘Baba wemarudzi.’ Kana takafa muna Kristu, tiri mbeu yaAbrahama, uye vadyi venhaka pamwe chete naye maererano nevimbiso.” Ndiro Gwaro racho.

⁵⁹ Zvino, handina nguva yekukubatai pano, ndichiparidza, nokuti Ramada haizombokutenderai kuishandisa zvakare.

⁶⁰ Saka ndinorangarira pandakatanga kuuya pakati pevanhu vePentekosti, makore apfuura, ndaive kuMishawaka. Paiva nemapoka avo maviri. Rimwe rainzi P. A. of W.; rimwe racho, P. A. of J. C., ndinotenda. Zvino vakange vaine konivhenisheni yavo—yavo kunyika dzekumusoro, nokuda kwekuti kwaiva nerusarura ganda, kuitira kuti hama dzechitema dzikwanise kunge dziripo pamusangano. Ndakavaongorora zuva rose, zvakanga zvakatosiyana, pasina tsika dzemuchechi. Ini zvangu! Ndakange ndigerepo, zvino isu maBaptisti, munoziva, tinoita sokuwedza kuzvibata zvakanaka kana tiri muchechi. Asi vanhu ava vakange vasina kana tsika dzemaBaptisti zvachose, kana dzimwewo tsika dzemuchechi. Vaimhanya, vachizhambatata, vachidanidzira, zviso zvova neruvara rwebhuruu. Zvino ndakafunga, “Ini zvangu, ini zvangu!” Zvino ndakatanga kucherechedza maitiro avaiita.

⁶¹ Zvino akati, “Vashumiri vose, vauye papuratifomu. Mushumiri wose, zvisinei kuti ndewe sangano ripi, uyai papuratifomu manheru ano.” Taive kuda mazana mashanu vakange vagere papuratifomu. Saka akati, “Chingosimuka utaure zita rako, wogara pasi.” Nda—ndakasvika pachijana, changu. Nda—ndakataura zita rangu, ndokugara pasi. Zvichidzika zvakadaro. Mushure mechinguva, vaiva nomumwe murume...Vakange vambova nevaparidzi vakaisvonaka zuva iroro. O, vakange vari vadzidzi chaivo, varume chaivo. Ini ndakabva ndaziva kuti ndakange ndisingafanirwe kunge ndiri kumusoro ikoko, nedzidzo yangu yegiredhi rechinomwe, ndakamira pamberi pemachinda akadaro, pavainge vachizotaura pamusoro pefundo yebhaibheri.

⁶² Asi ndakafunga, “Saka, pamusangano wemanheru ano, vachange vaine mutauri wavo mukuru wemanheru ano.”

⁶³ Uye saka, mushure mechinguva, vakati mutana nhingi ndiye akange ari kuzotaura. Akange ari mumwe mutana wechitema, akauya. Uye airatidzika kuva nemakore okuberekwa anenge makumi masere nemashanu. Uye akange akapfeka

rimwe riya rakare refu, iro rataidana kuti kunyika dzezasi kuchamhembe, jasi remuparidzi, munoziva; raiva nebesu kunge nyenganyenga, munoziva, riine mitsetse yaikwira nokudzika. Aive nekadenderedzwa kevhudzi jena mumusoro wake. Uye aitotungamirira mutana uyu kuuya, akange akwegura kwazvo.

⁶⁴ Zvino akaendapo ndokutora chidzidzo chake kubva muna Jobho. Akati, “Wakange uripiko pandakateya nheyo dzenyika? Nditaurire padzakateyiwa.” Ndokuti, “Apo nyeredzi dzamangwanani dzaiimba pamwe chete, uye apo vanakomana vaMwari vaidanidzira nomufaro,” akati, “wakange uripi?” Mwari vachitaura naJobho.

⁶⁵ Saka, hama dzose zuva iroro vaine vaparidza pamusoro peHupenyu hwaKristu, nekuuya kwaJohane, achimira pamukaha, nezvakadaro, zviri zvefundo chaizvo.

⁶⁶ Asi mutana uyu haana kumboparidza pamusoro pechimwe chinhu chaitika pano pasi. Akamutora ndokuenda Naye seri kweseri angaita makore mamiriyoni gumi nyika isati yavambwa. NdokuMuunza, pane zvainge zvichiitika Kudenga, zvino ndokudzika nemuraraungu wakatandavara. Zvose izvi akazviita mumaminitsi anenge mashanu, afema kamwe chete, pakuratidzika kwazvo. Paakapedza, akachirikira mudenga mafiti angaite matatu, pakuona kwangu, saizvozvo, ndokurovanisa zvitsitsinho zvake pamwe chete. Ndokuuyapo achiridza makumbo ipapo. Zvino akange aine nzvimbo yakapetwa kaviri kudarika yandiinayo. Akati, “Hamuna nzvimbo yakakwana kumusoro kuno yokuti ndiparidze,” ndokunogara pasi.

⁶⁷ Ndakafunga “Ndizvo zvandiri kuda. Kana zvichiita kuti mutana aite manzwiwo akadaro, zvinozondiiteiwo ini kana ndichinge ndawana icho chitubu chehujaya?”

⁶⁸ Mutana, ane makore makumi masere nemashanu, uye achikwanisa kuita zvakadaro! Zvakanaka, ini zvangu, paakauya ipapo, aiita zvokunge aibatirira. Asi ndakacherechedza apo Mweya wakamurova, akavandudza hujaya hwake sechapungu, munoziva.

⁶⁹ Zvino umo mubhuku raMutsvene Ruka ndiri kuda kungoverenga ndima duku kana mbiri, kungoitira Mashoko mashoma pano, kuti zviбатane nezvimwe zvataurwa, uye zvose pamwe chete, nedzimbo dzaimbwa. Uye Ishe vawedzere maropafadzo aVo pakuverengwa kwaMutsvene Ruka 19.

Jesu akapinda nemuJeriko akapfuura napakati.

...tarira, murume waivapo ainzi Zakeo, iye akanga ari mukuru wevateresi, uye aiva mupfumi.

Akatsvaka kuona Jesu kuti ndiye ani; asi wakanga asingagoni nokuda kwemhomho, ...akange akapfupika.

*Ipapo akamhanyira mberi, akakwira mumuwonde
kuti amuone: nokuti wakange opfuura napo.*

*Zvino Jesu akati achisvikapo, akatarisa kumusoro,
akamuona, akati...Zakeo, kurumidza,...uburuke;
nokuti nhasi ndinofanira kugara mumba mako.*

⁷⁰ Hwaifanira kunge hwaive husiku hwakashata. Muchinda muduku haana kutomborara nepaduku pose. Aingopinduka-pinduka nekushanyarika-shanyarika usiku hwose. Tose tinoziva usiku hwakadaro: haukwandise kuzorora, haukwandise kukotsira. Nokudaro aingopinduka-pinduka usiku hwose, achingoshanyarika-shanyarika.

⁷¹ Munoziva, mudzimai wake, Rabheka, aiva mutendi, uye akange aine hany'a nemurume wake akange aine bhizimisi muJeriko. Zvino akange ari nhengo yemasosaiti akawanda ezuva iroro, pasina kupokana. Zvino Rabheka akange azivana nemumwe—mumwe muporofita ainzi Jesu weNazareta, Uyo wavaiti Mwanakomana waMwari. Zvino akange achida kuti murume wake asangane neMurume uyu.

⁷² Nokuti, aiziva kuti vanhu vechiJudha vakange vakadzidziswa, kuti, “Kana munhu ari muporofita, kuti izvo zvaaitura zvaitika. Asi kana zvaanenge ataura zvikasaitika, zvararo musamuteerere.” Mwari vakange vavasiira Shoko iroro, kubudikidza nevaporofita vaVo. Ndiko kuzivikanwa kwaitwa muporofita.

⁷³ Zvino mupi wemitemo mukuru, Mosesi, naiyewo akange asiya murairo, “Jehovha Mwari wenyu achasimudza Muporofita wakafanana neni. Zvichaitika kuti ani naani asinganzwi Muporofita uyu achagurwa kubva pakati pevanhu.”

⁷⁴ Zvino Rabheka akange akanyatsogutsikana, paakaona Jesu weNazareta achigona kumira achiudza vanhu zvakange zviri mumoyo mavo, achifanotaura zvinhu zvaizoitika, zvichitoitika chaizvo sokutaura kwaKe, pasina kana kamwe pazvakambokundika. Uye Akange akanyatsomira nemazvo paShoko raMwari. Mudzimai akazvitenda.

⁷⁵ Asi Zakeo, murume wake, akange avhiringika. Uye, zvino, chokwadi chaicho chazvo ndechekuti, akange asati amboona Jesu.

⁷⁶ Zvirokwazvo ichi chinhu chakaipa, kufanotonga munhu usati wamunzwa. Haufanire kudaro. Nguva zhinji tine mhosva yekudaro, muzuva rino. Tinonzwa pamusoro pemumwe munhu, zvino, tisati tatombotaura naye, ti—tichiri...tatotaura zvatnofunga pamusoro pake kare, zviri maererano nemaonero emumwe munhu. Zvino hachisi chinhu chakanaka. Tinofanira kuenda, tonozvionera.

⁷⁷ Sekutaurwa kwazvakamboitwa pane imwe nguva, “Pane chakanakawo here chingabude kubva muNazareta?”

78 Apo Firipi akange aenda kunoona Natanaeri ndokumuwana ari pasi pemuti, zvino iye akati, “Uya, uone Uyo watawana, Jesu weNazareta, Mwanakomana waJosefa.”

79 Akati, “Zvino, pangave nechakanakawo here chingabude kubva muNazareta?”

80 Akamupa rimwe remashoko akaisvonakisa pane aagona kunge akamupa. “Uya, uone.” Usagara kumba uchitsoropodza. Uya, uzvionere.

81 Zvino paakauya, Jesu akamuona achiuya. Akati, “Tarira muIsraeri asina nduru.”

82 Akati, “Rabhi,” zvinoreva kuti *mudzidzisi*, “ko Makandiziva riinhi?”

83 Akati, “Firipi asati akudana, pawakange uri pasi pemuti, Ndakakuona.”

84 Zvakabva zvaringana. Ndokuti, “Rabhi, Muri Mwanakomana waMwari. Ndimi Mambo weIsraeri,” nokuti akange aona shoko chairo iro—iro rakataurwa naMosesi kuti raizoitika. Vakange vasina kunge vambova nemuporofita kwemakore mazana mana, zvino heunoi Murume ainge ari paShoko chaipo.

85 Kuti mudzimai muduku uya patsime reSamaria anofanira kunge akanzwa sei paya paakauya kuzochera mvura rimwe zuva, zvino pakange pagere mumwe Murume, muJudha. Anofanira kunge airatidzika kuva nemakore makumi mashanu okuberekwa, kunyange zvake Aiva namakore makumi matatu. Basa raKe ndiro rinofanira kunge raMusakadza.

86 Pavainge vaine mutambo we—wematumba, vose vainge vachifara. Zvino Jesu akadanidzira, sekutaurwa kwazvaitwa munguva yapfuura, “Uyai kwaNdiri.” Saka ipapo Akatanga kupa dzidziso yaKe huru.

87 Zvino ma—zvino maJudha akati kwaAri, “Uri kureva here kuti Wakaona Abrahamama? Uye Iwe uri Murume ane makore asingadariki makumi mashanu, unoti Wakaona Abrahamama? Zvino tave kuziva kuti Unopenga.” Zvino inzwi pano rokuti *kupenga* zvinoreva “kusangana musoro.” “Tinoziva kuti Wakasangana musoro. Une dhimoni.”

88 Akati, “Abrahamama asati avepo, Ndiripo.” Akange ari NDIRI akataura naMosesi mugwenzi raipfuta.

89 Zvino tinocherechedza kuti paAkange agere. . . Aifanirwa kupfuura nemuSamaria. Nokuti, Israeri yakange yanzwa mharidzo, uye Akange ari kuuya zvino kundudzi nhatu: maJudha, maHedheni, nemaSamaria; vanhu vaHamu, Shemu, naJafeti. Zvino Iye. . . Evhangeri inofanirwa kuziviswa kwavari. Zvino Akasvika paguta rinonzi Saika, zvino ipapo, agere patsime. Akatuma vadzidzi vake muguta, kuti vanotenga chokudya.

⁹⁰ Mumwe mudzimai muduku akabuda. Tingamudana nhasi kuti, zvakanaka, zvimwe kuda “chipfeve,” rimwe zita rokunyomba. Munoziva zvandiri kureva. Zvino akaona Jesu. . . Ndinoreva kuti, haana kumboona Jesu agerepo, aingova Murume wechiJudha wamazuva ose aive agere pamadziro. Etsime duku, kunze panoperera mugwagwa, we. . .apo guta raiuya kuzatora mvura yaro. Muchinda muduku uyu akange agerepo, pasina aimucherechedza. Mudzimai akauya kuma eleven o'clock dzezuya, kuzochera mvura, mvura yemhuri yezuva iroro. Zvino akadzikisa chirongo kuti achere mvura, zvino, asati atanga kuidhaya achiiburitsa kunze, akanzwa mumwe Munhu achiti, “Ndiunzirewo mvura yekunwa.”

⁹¹ Akatarisa ndokuona kuti aiva muJudha. Zvino mudzimai aigona kunge akataura achiti, “Changamire, hazvisi patsika dzedu kuti Imi mutaure zvakadaro. Ini ndiri muSamaria. Imi muri muJudha. Uye hatina. . .Pane rusarura ganda pano. Hatididzane nenzira yakadaro.”

⁹² Zvino Akaenderera achitaura. Hurukuro yakaenderera mberi, maererano nezvokunamata paJerusarema kana kuti kwete. Akati, “Isu maJudha tinoziva zvatinonamata, nokuti ruponiso nderwemaJudha.” Zvino hurukuro yakaenderera mberi kwechinguva. Mushure mechinguva akati kumudzimai, “Enda, unotora murume wako mugouya pano.”

Akati, “Handina murume.”

⁹³ Akati, “Wataura chokwadi, nokuti wakava navarume vashanu, uye uyo wauri kugara naye zvino haasi murume wako.”

⁹⁴ Akati, “Changamire, ndiri kuona kuti Muri muporofita.” Zvino, chionai, vakange vasina kumbova nemuporofita kwemakore mazana mana, kubva pana Maraki. Akati, “Ndiri kuona kuti Muri muporofita. Tinoziva kuti, kana Mhesiya auya, Achatiudza zvinhu izvi. Ndicho chaizenge chiri chiratidzo chemuporofita. Kana Mhesiya achinge auya, Achatiudza zvinhu izvi.”

Jesu akati, “Ndini Iye, ari kutaura newe.”

⁹⁵ Akamhanyira muguta ndokuti, “Uyai, muone Murume andiudza zvinhu zvandakaita. Handiye here Mhesiya wacho?” Chiedza chakatanga kujeka sei pamudzimai muduku akange ari muchinhano chakadaro!

⁹⁶ Kwakave—kwakave kutsiurwa kwakadini kuvaprisita vomutemberi vezuva iroro, vakaMuona achiita chinhu chimwe chete, vakaMudana kuti, “Bherizebhabhu, dhimoni, mweya wetsvina uchiita mabasa akadaro”! Apo, Gwaro richisimbisa nepachena kuti anenge ari Mhesiya. Zvino ti. . .

⁹⁷ Rabheka akange aona zvose izvi, zvino akange aine shungu dzekuti murume wake agogara kamwe zvako panenge paina Jesu weNazareta. Zvino akanzwisisa kuti Akange achizouya

kuJeriko, guta rake, zuva iroro. Zvino akatanga kumunamatira. Ndine tariro yekuti pana vanaRabheka vakawanda pano manheru ano, kuti uchanamatira murume wako, kuti pane imwe nguva Jesu agopfuura nepanzira yavo. Zvino akanga anamata usiku hwose, apo tingauite mutambo.

⁹⁸ Uye munoziva, kana mumwe munhu akange ari kukunamatira, zvakaperera, iwe—iwe hauwane zororo. Unokwanisa kuziva kuti, pane zviri kuitika.

⁹⁹ Zvino mangwanani oda kusvika, tingangoti...Zakeo akange aine tsika yokunonoka kumuka, nokuti, zvimwe kuda tingati, akange aine restorandi, zvino aiita kuti...mamaneja ake—ake, nevamwe, vatarire bhizimisi rake. Asi mangwanani iwayo, akamuka mangwanani-ngwanani, ndokuzvishongedza zvakana kwazvo, ndokupfeka hanzu dzake dzakanakisisa. Zvino Rabheka, mushure mokunge anamata usiku hwose, uye achiona kuti akange asina kugadzikana... .

¹⁰⁰ Zvino teerera, Rabheka, ukaona Zakeo wako asisina kugadzikana, ingorangarira, Mwari vari kupindura munamoto, munoono. Ndiyo nzira yazvinoitika nayo. Ukamuona asvika pokuti haachakwanisi kukupindura neshoko rakanaka, chingorangarira, ramba wakabatirira. Hazvisi kuzatora nguva refu kuti Mwari vapfuure nepaari ipapo.

¹⁰¹ Akange asisina kunyatsogadzikana. Paakange amuka, akapfeka hanzu dzake dzakanakisisa. Zvino ndinoona Rabheka achipinduka achiti, “Zakeo, watomuka norungwana-ngwana rwuno, mudiwa.”

¹⁰² “O, hongu. Uh, ndangoti, uh, huh-huh-huh, hum. Unoziva, nda—ndangofunga kuti ndibude panze ndimbofefeterwa nemhepo yakachena.”

¹⁰³ Asi, akange aine mupfungwa dzake, “Ndatadza kubvisa Muchinda uyu mupfungwa dzangu. Munoziva zvandiri kuzoita? Ndiri kuda kuenda zasi uko kusuwo raAchapinda naro. Zvino paAnopinda nepasuwo iroro, ndichaMutaurira zviri mupfungwa dzangu, kutora mudzimai wangu, kumisangano iyoyi, nokuita zvose izvi. Ndiri kuda kuMutaurira zvandinofunga pamusoro paKe.” Munoziva, nguva zhinji vanhu vanozviumbira mamwe maonero, munoziva, kana vangonzwa chimwe chinhu.

¹⁰⁴ Saka akanyatsozvishongedza. Ndokuverevedza achienda. Akatarisa kumashure, kumba, kuti aone kana paine ainge akamutarisa, uye zvakaita sokunge pakange pasina aimutarisa. Asi Rabheka akange akatarisa nepamutswe wepahwindo, achiona zvainge achiita. Zvino panzvimbo yokuti apote akananga restorandi yake, akadzika akananga kunaStraight Street.

¹⁰⁵ Munoziva, kazhinji unowana Jesu muna Straight Street. Ndizvozvo. Kururama mubhizimisi rako! Kana uchida

kuMuwana, iva wakatendeka, iva wakaperera, iva wakarurama kuna Mwari nekune vanhu, iva wakarurama kumuvakidzani wako.

¹⁰⁶ Saka anoverevedza achidzika nemugwagwa, nokuti aiziva kuti Aizopinda nepane rimwe suwo iri. Akange ati nonotswei zvishoma mangwanani iwayo, nokuti paiva nemapofu maviri akange achida kupodzwa, sekutaura kweMagwaro kwatiri, zvino Akange avapodza. Zvino paakasvika pasuwo apo Jesu aifanira kuzopinda napo... Munoziva, Bhaibheri rakati, “Akange akaita sokuti pfupikei pamumhu.” Zvino paakasvikapo, vamwe vanhu vakuru vakange vakamirapo, zvokuti akatoshaya nzvimbo, yokuti agokwanisa kuMuona. Vakange vakaremba pamadziro nekweise-kweise.

¹⁰⁷ Munoziva, pane chimwe chinhu pazviri, zvokuti, kana Jesu achinge auya, nguva dzose zvinokwezva meso neimwe nzira. Vakange varipo, vagadzirira kuimba, “Hosana!” Zvino ivo...

¹⁰⁸ Akati, “Zvino, handisi kuzombocherechedzwa pano. Uye handisi kuzokwanisa kuMucherechedza, nokuti pamwe Achafamba nepakati pemugwagwa, aine muchengeti, zvino handisi kuzokwanisa kuona Muchinda uyu. Asi handitendi kuti Iye muporofita, nokuti ndakadzidziswa kuti mazuva echiporofita nemazuva ezvishamiso akapfuura.” Munoziva, nguva haina kumboshanduka zvakanyanya kubvira ipapo.

¹⁰⁹ Kana Mwari akange ari Mwari, Achiri Mwari. Kana Asiri, zvoreva kuti Agara asiri Mwari. Zvino haukwanise kungoti NdiMwari pane imwe nguva, onge asiri Mwari pane inotevera. Haachemberi. Haagone kushandura pfungwa yaKe. Anofanirwa kumira nesarudzo dzaKe. Saka, unokwanisa kugadzikana uchiziva kuti, zvaanenge Ataura, ndizvo zvaAnoita. Ndzivo zvacho...

¹¹⁰ “Abrahama akatenda Mwari, achitora zvinhu zvaipesana sekunge zvakange—zvakange zvisipo. Zvinhu zvaiita sokunge zvemazvirokwazvo, zvaionekwa nemeso ake, asi zvichipesana neShoko raMwari, zvino iye—iye nokuti... haana... haana kana kumbozvitarisa. Akazvidana kuti hazvipo. Akatenda Mwari.” Haana kungobatirira kwezva rimwe chete. Akafamba akadaro nemuhupenyu, makore makumi maviri nemashanu, Isaka asati atomboberekwa. Uye akawedzera pakusimba, nguva dzose.

¹¹¹ Isu nhasi tinoti tiri, nenyasha, netsitsi pamwe nekugadzwa sevana naKristu, kuti tinova Mbeu yaAbrahama, zvino hatigoni kuvimba naMwari zuva rimwe. Asi Mbeu chaiyo yaAbrahama inotora Shoko raMwari zvokuti hapana chinomubvisa pariri.

¹¹² Mwari vakataurira Abrahama, paakange ane makore makumi manomwe nemashanu, uye Sara aine makore makumi matanhatu nemashanu, kuti vaizova nemwana. Sei, vakaenda vakanotenga zvipeneti nemanapukeni, ndokumugadzirira.

Ndizvozvo. Hapana chakanga chichakwanisa kuvamisa. Vaizviziva.

¹¹³ Mazuva makumi maviri nemasere okutanga akapfuura. Akati, “Ko uri kunzwa sei, Sara?”

“Hapana mutsauko.”

“Mwari ngaAkudzwe! Tiri kuzova naye, zvakadaro.”

“Unozviziva sei?”

“Mwari vakataura kudaro. Ndizvozvo.”

Mwedzi wakatevera, “Uri kunzwa sei?”

“Hapana mutsauko.”

¹¹⁴ “Zvakanaka, chichave chishamiso chikuru kudarika zvino. Chanonoka nemwedzi miviri.” Maona?

Makore makumi maviri nemashanu, “Uri kunzwa sei, Sara?”

“Hapana mutsauko.”

“Mwari ngaAkudzwe! Tiri kuzova naye, chete. Mwari vakataura kudaro.”

¹¹⁵ Zvino isu tozvidana kuti Mbeu yaAbrahama. Mwari zvavanenge vataura, Mwari vanokwanisa kuzviita, kuita izvo zvaVakati Vaizoita. Handikwanise kuchengeta shoko rangu nguva dzose. Kana newewo haukwanisi. Asi iVo vanotofanirwa kudaro, kuti vave Mwari.

¹¹⁶ Saka, tinoona kuti murume uyu akange asingazvitendi, muzvinabhizimisi muduku uyu wemuguta reJeriko. Aiva nebhezimisi guru. Aifunga kuti akange ari kuita zvakanaka. Akange achifarirwa nevaprisita nesinagoge. Akange achifarirwa nemachechi, nemaKiwani, ne—nemasangano akawanda ezuva iroro, sezvatingati. Kunyangwe zvakadaro, hazvireve Mwari, zvakadaro.

¹¹⁷ Budiriro haireve kuti ndiMwari, nguva dzose. Dzimwe nguva zvinoreva zvinotopesana.

¹¹⁸ Mwari vakati, “Pawakange ugere mumunda,” vachitaurira Israeri, ari muropa rake, ipapo akange achida kuMushumira. Asi paakawana zvakakwana, ipapo akafunga kuti akange, zvino akange asisade kuva nechokuita naYe, ndokuMufuratira.

¹¹⁹ Isaya akawana muenzaniso iwoyo kubva kuna mambo Uzia, nokuti Uzia akange ari munhu mukuru nguva dzose paainge akazvinipisa pamberi paMwari. Haana kumboita zvevatongerwo enyika. Akagara pamwe naMwari, uye Mwari vakamuropafadza. Humambo hwake ndihwo hwaitevera hwaSoromoni. Asi, paakazova nehundini!

¹²⁰ Ndiro dambudziko rine vanhu nhasi. Musarega zvichiitika kusangano rino revanamuzvinabhizimisi, kana kuti munoperera muvhu sezvakaita vamwe vose. Kana vanhu vakasvika pokuti—

pokuti kubudirira kwave kutanga kupofomadza meso avo kubva paShoko raMwari, vave panjodzi.

¹²¹ Uzia akange ari munhu mukuru, asi akaedza kutora nzvimbo yemuparidzi, rimwe zuva, kupinda achinopisa zvinonhuwira. Zvino muprisita mukuru, nerimwe boka ravaprisita vakawanda, vakauya vakamutaurira, “Hamufanire kuita zvakadaro. Muri munhuwo zvake.”

¹²² Uye imi vanamuzvinabhizimisi zvirangarireiwo izvozvo, zvakare. Isu vaparidza tine nguva yakaoma kuchengetedza Chinhu ichi chakatwasanuka. Hachisi chevanhuwo zvavo. Vanhuwo zvavo vane chikamu chavo, asi purupiti ndeye vashumiri vakagadzwa. “Mwari vanogadza, muChechi, varume vanoita zvinhu izvozvi.”

¹²³ Zvino tinoona kuti akatora mudziyo wekupfungaidza zvinonhuwira ndokupindamo, zvakadaro. Nokudaro Mwari vakamurova nemapere-mbudzi, akafa aine mapere mbudzi. Munoono, kana tichinge tazvisimudzira!

¹²⁴ Zakeo akapotsa ave muchinhano chakadaro. Akange abudirira. Aiwirirana narabhi. Aiwirirana nemasosaiti ose. Saka akafunga kuti, kana akapinda mudambudziko, aiwana tsigiro, veSanhedrin vakange vari kudivi rake. Akamira pasuwo. Pane zvaari kuda kuita zvino. Ari kuda kuzoenda anotarisanana neMuchinda uyu, oMutaurira kumeso kwaKe, “Uri muporofita wenhema. Hapana zvaari Iwe. Uri kungoita zvokuverenga pfungwa dzevanhu, uchinyengera vanhu.” Munoono, haana kumbomira achiverenga Shoko.

Ndipo panokanganiswa nhasi.

¹²⁵ Dai Israeli yakaita izvozvo panzvimbo pokuita zvakaita, vangadai vari muchinhano chiri nani nhasi. Asi vaifanirwa kuitwa saizvozvo. Zvaifanira kuzadzikiswa, kuti meso avo apofomadzwe, kuitira kuti isu tigowanawo mukana. Dai zvisiri izvozvo, tingadai tiri kupi? Cherechedzai.

¹²⁶ Asi paakasvika ikoko, akaona kuti hapana kana chaaigona kuona. Haasi kuona mugwagwa, pane vanhu vakawanda kwazvo vakaungana, kwese-kwese. Saka anofunga, “Munombozivei? Ari kuenda kumusoro. . . Vanonditaurira, Rabheka anditaurira, kuti, nhasi, Ari kunodya kwa—kwavaLavinski.” Ndine tariro yokuti hamuna Lavinski muno. Asi, restorandi yake, yemukwikwidzani wake. Uh-huh. Saka ari kuenda kunodyira kurestorandi yake, zvichida. “Saka ndinoziva, kuti usvikeko, tinofanira kudzika, totsauka tichibva muna Straight Street, todzika naHallelujah Avenue,” tichaidana kudaro.

¹²⁷ Aya mazitawo zvawo, asi ndinongozviitira kugadzira mutambo wangu. “Zvino tinozokomuka pakona pano, inobva muna Straight Street, topinda muna Hallelujah Avenue.” Ingoramba uri mumugwagwa uyu kwekachinhambwe,

unozosvika muna Hallelujah Avenue. Ramba uchifamba zvakarurama.

¹²⁸ Saka anodzikako, nokukukurumidza. Akati, “Ndiri mupfupi pamumhu.” Ndokunyatsozvigadzirisa pachake: ndokudhonzera ndebvu dzake pasi; ndokuona kuti akange achinyatsonhuzirira zvakanaka; nzara dzake dzakanyatsokwenenzverwa. Ndokumira pakona, achiti, “NdichaMuona kana ave kupfuura, zvino ndichaMutaurira zvandinofunga pamusoro paKe kana Ave kupfuura.” Zvino anomira pakona.

¹²⁹ Zvino akatanga kufunga, “Munombozivei? Boka rimwe chete riya richaMutevera. Vachange vari pano chaipo, uye vachange. . . Ndiri mudukusa, handisi kuzokwanisa kuMuona, saka hazvina zvazvinondibatsira kuramba ndakamira pano. Handisi kuzova zviri nani pano kudarika zvandanga ndiri zasi uko. Uye, munoziva, ndinotenda zvandi—zvandichaita? Pano pane muonde wakamira pano, saka ndinotenda ndichakwira mumuti uyu we muonde. Ipapo ndichazokwanisa kuMuona, nekunyatsoMuongorora paAnenge achipfuura. Saka haAsi kuzondiona ndiri kumusoro uko mumuti uyo. Zvino pane bazi rinobuda rakananga neuko; zvino ndichagara pabazi iroro ndoMutarisa paAnenge ave kuoneka, uye nepaAnenge asisaoneke. Ndichanyatsotarisa zvakanaka Muchinda uyu.”

¹³⁰ Saka zvino, chinhu chokutanga munoziva, akatanga kuedza kuona kuti bazi rokutanga raiva mudenga zvakadini, zvino rakange richipfuurira zvishoma paaisvikira.

¹³¹ Munoziva, zvirokwazvo, danho rokutanga riri nechekure zvishoma nepatinosvikira. Tinofanira kuzvigamuchira nokutenda. Hongu. Zvinoti darikei zvishoma zvinogona kutsanangurwa nepfungwa yemunhu. Haukwandise kutsanangura Mwari. Kana ukazviita, ipapo Anenge asisagamuchirwe nokutenda. Unofanira kuMutenda. “Uyo anouya kuna Mwari anofanira kutenda kuti Iye ndiye, uye kuti Mupi wemubairo kune avo vanoMutsvaka nemooyo wose.”

¹³² Saka tinoona muchinda mupfupi uyu anozivikanwa, mumwe wevanamuzvinabhizimisi muguta, akati, “Zvino, ko ndichakwira sei?” Zvimwe kuda vanotakura mabhini vakange vasati vapfuura mangwanani iwayo, zvino pakange paine mamwe mabhini akange ari pakona, azere ne—nemarara emuguta. Saka vaka. . . Akati, “Kana ndikakwanisa kutora bhini iro, ndinokwanisa kuzosvikira ndobva ndabata bazi racho.”

¹³³ Zvinoshamisa, kuti Mwari vanoita kuti munhu aite zvinhu zvisingatarisirwe. Saka, asi, munoziva, kana watsunga kuti uri kuda kuona Jesu, unoita zvinhu zvisingatarisirwe, kana watsunga kuti uri kuda; waka—wakanyatsoperera, uri kuda kunyatsoziva kuti Zviri kumborevei.

¹³⁴ Ndiyo pfungwa yakanga iina Zakeo. Aida kuziva kuti zvose izvi zvaimborevei, izvo zvaanga achinzwa. Saka anoti, “Zvino hapana aripo, saka ndichangoverevedza ndonotora bhini ndoridhonzera kuno, ndoenda uko kumu—muti. Zvino ndinozogona kukwira bazi rokutanga, ndokwira pamusoro—pamusoro pemugwagwa paAnenge ave kupfuura.” Asi paakatanga kudhonza bhini, rakamuremera kuti aite rekudhonza. Akange ari murume akati pfupikei, aine mumhu mudiki. Chinhu choga chaaigona kuita, ipapo, aitozoita rokutakura. Zvino, akange akapfeka hanzu dzake dzakanaka.

¹³⁵ Munoono zvinoitwa nadhiyabhore? Anongoedza kuisa zvinhu zvose muruzira yako. Saka ano—anofambisa zvinhu zvose, kupokana kwose, mhosho yose yaanokwanisa, kukudzivisa kuti usaone Chokwadi. Anonyatsozvikanisa izvozvo.

¹³⁶ “Saka ini ndakapfeka hanzu dzangu dzakanakisisa,” aigona kunge akadaro. “Zvino pano, ini—ini, kana ndikatora bhini iro, ndinozoviba.”

¹³⁷ Munoziva, pane vamwe vanhu vanofunga kuti, ukagara mumusangano wakaita seuno unogona kusviba zvisviba, pakati pevanhu vemunharaunda nevanhu vane mukurumbira vemuguta. Asi kana wakanyatsotsunga kuona Jesu, unouya, zvakanaka. Ndizvozvo. Saka, pane chinhu chimwe chete chokuita, kana munhu atsunga kuona Kristu, hapana chinhu chinomumisa.

¹³⁸ Saka anokotama obva abata bhini iri, zvino hoyo ouya. Panguva iyo akange achangoripakatira mumaoko ake, zvakanaka, vakwikwidzani vake vakabuda nepakona, vaviri kana vatatu vavo. Vakati, “Saka, onai Zakeo. Ashandura basa rake. Ave kushandira guta zvino.” Ndinofungidzira kuti huso hwake huduku hwakatsvuka zvikuru.

¹³⁹ Handizivi, manheru ano, kana mukuru wekubasa akapinda muno oona vamwe venyu varume vanamuzvinabhizimisi vari muno, mugere mumusangano wakaita seuno unonzi “vaumburuki vatvene,” handizivi kana chiso chako... Zvakanaka, watozvikwanisa, saka chitongoramba hako wakagara wakaterama zvino. Zakeo akange atove naro mumaoko ake; akange atoonekwa. Zvino iwe wapinda muno, saka chitongogara hako wakaterama, wochingoenderera mberi nayo, wakagara muno.

¹⁴⁰ Akange akamonera ruwoko rwake pabhini. Chaive chinhu chakadini kuna muzvinabhizimisi! Hoyu wouya, chiso chake chakatsvuka. Zvino vachiti, “Saka, unomboziveiko, Zakeo?” Munoziva, zvanga zvakanaka, kubhizimisi uko, ndizvo zvaakaona. Vakati, “Uyo ari pano. Zvino ave kushandira guta. Ndinoziva, ndinoziva kuti bhizimisi rake harisi kuita zvakanaka, tarirai muone basa raava naro.”

¹⁴¹ Akange atsunga kuona Jesu, zvisinei. Akange anzwa nezvazvo, zvino akange ari kuda kuzvzivira.

¹⁴² Ndingade kuti munhu wose atore maonero akadaro kuna Mwari. Kana wakambonzwa nezvaKe, zvitsvagire woga. Haana kufa. Mupenyu, angori pano manheru ano zvimwe chete sezvaAive ari pamahombekombe eGarireya. “Tarirai, ndinemi nguva dzose, kusvika kumagumo enyika. Mabasa andinoita, muchaaaitawo.” Kana zvisiri izvo, zvino Akange ari Mhesiya wenhema; Akange asiri iye—iye Mhesiya sezvaAifanira kuve. Asi kana Ari anochengetedza nekuzadzisa vimbiso yaKe, Achiri Mwari Anozviviziva kuvanhu. Anotofanirwa kuita zvinhu zvimwe chete sezvaAkamboita. Ndiwo maitiro Aanoita zvinhu. Anofanira kuzviratidza sezvaAkamboita kare. VaHeberu 13:8, Pauro achitaura kuvaJudha, akati, “Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Saka, Anofanira kuva mumwe chete pamaitiro, mumwe chete pasimba, mumwe chete pane zvose izvo Aive. Anofanirwa kuva zvimwezvo nhasi.

¹⁴³ Dzimwe nguva, tinoona mabasa aMwari, ndinoziva kuti pane hunyengeri hunosanganiswa imomo. Paunowana dhora renhema, zvinotaurei kwamuri, imi vanamuzvinabhizimisi? Unorega here? Unotora here mari yako yose kubva mubhanga woikandira mu—murukova nokuti wawana dhora renhema? Dhora renhema rinongoreva kuti pane dhora rechokwadi parakatorwa kuti rizogadzirwa. Zvino Pentecosti yakazara nekutevedzera kwepanyama. Asi zvinorevei? Pane chechokwadi pane imwe nzvimbo. Mumwe munhu ari kuedza kutevedzera chimwe chinhu icho mumwe munhu atori nacho. Yangova nzira yekutsvaga nayo kurarama. Chinongori chechimwe Chinhu chechokwadi, chiri kuseri kwechinhu, chiri kuedza kutevedzerwa nemumwe munhu.

¹⁴⁴ Saka tinoona, Zakeo anotora bhini rake. Apo vakwikwidzani vake vaifamba mumugwagwa, vachimuseka. Asi hazvina mutsauko wazvakaita. Akange atsunga kuona Jesu. Ipapo aizova nemaonero ake pamusoro paKe.

¹⁴⁵ Tinogona kuwana manzwiwo akadai pakati pedu, kana tikangotsunga moyo, kuti tichada kuziva kuti iZvi zvose zviri kumborevei, kana chiri Chokwadi. “Kana Mwari ari Mwari, Mushumirei.” Eria muporofita akazvitaure, pamusoro peGomo reKameri. “Kana Mwari ari Mwari, Mushumirei. Kana Bhaari ari Mwari, mushumirei.” Kana Jesu Kristu asingakwanisi kuZviratidza angori zvimwe chete sezvaAgara ari, saka zvoreva kuti haAna kumuka kubva mukufa.

¹⁴⁶ Kana tikaedza kuunza vanhu mukati nokuda kwezinobata pfungwa, kana tikangokwanisa kuvashandura kubva kuva muMethodisti kuva muBaptisti, kana muBaptisti kuva muPentekosti, chii? Zvinhu zvepfungwa. Ndizvozvo.

147 Mwari mupenyu Akasika denga nenyika achiri Musiki mumwe chete. Achiri, pamaitiro, Mwari mumwe chete sezvaAgara ari. Ndinofara kuti ndakaona Mwari chechi isati yandibata, kuziva kuti kune Akadaro.

148 Ndinoona kukakavadzana kwavo, nebopoto, nokun'urun'uta. Zvagara zvakadaro, zvose. Vaiita zvinhu zvimwe chete, mumaGwaro ose.

149 Asi muchinda muduku uyu aida kuona Jesu, uye akange atsunga moyo kuzviita. Akange ari muzvinabhizimisi, uye akange achida kuita basa rake zvakana. Saka, iye, paakatsunga moyo . . . Mudzimai wake aive kumba, achinamata, zvino munamato waRabheka waimutevera. Zvino muchinda muduku uyu akatozokwira mumuti. Akatozogwesa achikwira mu . . .

150 Ndanga ndisingareve kudaro. Mutauro wevanhu vekuChamhembe, kuti “kugwesa.” Vangani vanoziwa zvokuti “kugwesa uchikwira mumuti”? Zvakana, vangani venyu vekuKentucky vari pano zvisinei?

151 Akatozogwesa achikwira muti, kukwira mumuti. Zvino heunoi, agerepo zvino mumuti, achipukuta marara kubva pahanzu yake itsva; achibvisa zvimezu zvidiki zvemuti zvakanga zvamusema mumabvi nemumawoko ake, paainge achikwira mumuti. Asi zvisinei nezvakanga zvaitika, akanga atsunga kuona Jesu. Zvino iwe ukanyatso . . .

152 Ndinzwi. Kana wanyatsotsunga kuMuona, hauna basa nezvaunopfuura nemazviri, kutsoropodzwa kwakadini, nezvinotaurwa nevamwe vanhu. Urikuda kuona Jesu, unoita zvose kuti uMuone. Unomirira mukana wako. Unoita zvose zvaunofanirwa kuita, kungoitira kuti uMuone.

153 Dambudziko riripo nderiri, ranhasi, havana nyota yakakwana. Hapana nyota nenzara yakakwana yevanhu. Ndinotenda kuti chechi inofanira kuvavira nemunyu kudarika zvairi.

154 Munyu unouitisa nyota. Munyu ndiwo chirungiso kana uchinge waiswa. “Asi munyu kana uchinge warasikirwa nekurunga kwawo, hauchisina basa,” asi unobva wave sangano. Ndizvozvo. Asi unofanira kunge uine chinorunga mauri. Rungiso ndiwo munyu wacho, simba racho.

155 Kana munhu akaona Kristu achirarama mauri, zvinomupa nyota yokuda kuva sewe. Zvinomuita kuti aone Jesu mauri, zvomuita kuti aone Mwari.

156 Vakaziva sei kuti Mosesi akange ari waMwari? [Chibenga patepi—Mupepeti.] Uye vakazviziva kuti Mwari vakange vainaye.

157 Zvino tinocherechedza, saPetro akataura neZuva rePentekosti, zvokuti, “Imi varume vemuIsraeri, kuti maka . . .”

Akapomera mhosva chizvarwa ichocho nokuda kwekurovera pamuchinjikwa Mwanakomana waMwari. Akati, “Imi. . . Jesu weNazareta, Murume akatenderwa naMwari pakati penyu, akasimbiswa naMwari, nezviratidzo nezvishamiso izvo Mwari vakaita kuburikidza naYe; makatora Muchinda weHupenyu, nemawoko ane hutsinye, mukamurovera pamuchinjikwa.”

158 Nikodhimo haana here kunyatsotaura manzwiwo avo vose? Yaiva remekedzo yevanhu yokunge vari nhengo yechimwe chinhu, chaivadzivisa kuti vasaone Jesu. Akati kwaAri, “Rabhi, tinoziva kuti Muri Mudzidzisi, anobva kuna Mwari, nokuti hakuna munhu anoita zviratidzo izvi kunze kwekunge Mwari ainaye.” Vakazvicherechedza. Asi nokuda kweremekedzo yevanhu, vainyara kuzvibvuma.

159 Vaifanira kunge vakaita sebofu rakapodzwa naJesu.

Vakati, “Murume uyu mutadzi.”

160 Iye akati, “Chinhu chinoshamisa. Imi, vatungamiriri vanhasi, hamuzive kwakabva Murume uyu?” Akati, “Zvokuti Mutadzi kana kuti kwete, handizivi. Asi chinhu ichi ndicho chandinoziva: kuti ndakange ndiri bofu, zvino ndave kuona.” Ndizvozvo. Ndicho chinhu chimwe chaaiziva.

161 Ndinofarira chapupu chakananga chevarume vanomira pakati pevanhu vachiti, “Ndinoziva kuti pane chimwe chinhu. Chimwe chinhu chakaitika kwandiri.”

162 Sezvandaedza kutaura pamusoro pehanzvadzi yechitema, “Handisi zvandiri kuda kuva, kana zvandinofanira kunge ndiri, asi zvisinei ndinoziva kuti handisi zvandakange ndiri.” Pane chakange chamubata.

163 Zakeo, ageremo mudenga, itsvina yakadini yaaive mairi, agere mudengamo. Zvino munoziva. . .

164 Teerera kwandiri. Vanhu vanotenda Mwari, vanopinda mumatakanana, zvakadaro. Vanoita zvinhu zvinonyatsopesana nemaitiro emazuva iwayo.

165 Inzwai Mosesi. Rimwe zuva, mufudzi wemakwai. Murwi mukuru muEgipita, achida kudzikinura vanhu vake, zvino akanga akundika. Zvadarwo akazova mufudzi wemakwai, kwemakore makumi mana. Mukweguru akanaka, agere zvakanaka, munhu kwaye, aive nemudzimai nemwana; Zipora, Geshomu. Zvino tinocherechedza kuti, mushure mokunge Mwari vamuwana, uye iye akaona Mwari mugwenzi raipfuta, zuva rakatevera aiva nemudzimai wake agere panyurusi, mwana ari pahudyu yaamai. Ndebvu chena dzichipepereka. Chimuti chakamonyoroka chiri muruwoko rwake, achitungamirira nyurusi iri; mhengo ichivhuvhuta. Mhanza yake yaipenya, muzuva raipisa, achienda zasi kuEgipita.

Mumwe munhu aigona kuti, “Mosesi, uri kuitei?”

166 “Ndiri kuenda kuEgipita, kunopamba.” Kupamba kwemunhu mumwe chete, asi akazviita. Sei? Mwari vakange vamuudza kuti azviite. Ndicho chikonzero chacho. Munoono, zvairatidzika—ratidzika kunge kupenga. Uko, kunzvimbo yakange yambotizwa nemurume uyu, zvino ave kudzokerako.

167 Ndiyo nzira iyo vanhu vanowana Mwari, vakatsunga kuMuona.

168 Hepanoi paagere. Kwapera chinguva, akatanga kufunga, “Munoziva, Rabheka akandiudza kuti Murume uyu Muporofita. Ini ndiri kunyatsozvipokana kwazvo. Handitendi mazviri. Handitende kuti pane vaporofita vezuva rino. Dai zvakadaro, muprisita wangu angadai akanditaurira pamusoro pazvo. Muprisita wangu mumwe wevaranda vaMwari, saka angadai akandiudza pamusoro pazvo.” Zvakanaka.

169 Asi, munoono, hapana apo zvinamato zvehurongwa zvenyika ino zvakambogamuchira mutumwa kubva kuna Mwari pane ipi zvayo nguva, havana kumbodaro. Jesu haana here kuti kwavari, “Imi vaFarisei mapofu, munoshongedza makuva evaporofita, asi imi ndimi makavaisa imomo. Ndeupi mumwe wevaporofita akatumwa naBaba, wamusina kurraya mukamuisa mubwiro, nokuti ainge achiratidza kuuya kweUyo Wakarurama?” Maona?

170 Ipapo, zvino, tinowana, heunoi paari, agere kumusoro ikoko. Munozivei? Ndine tariro yekuti mutambo uyu hausi kunzwicka sokunge wakazvidzika, asi ndichafunga kuti akati, “Zvino, mirai zvishoma, kana Muchinda uyu zvikaita kuti anozondiona ndigere kumusoro kuno pabazi rino!” Zvino akagara paipesana mapazi maviri. Akange agere ipapo, achifungisisa nezvazvo.

171 Ndiyo nzvimbo yakanaka yokugara, panosangana nzira dzako nenzira dzaMwari. Ndiyo nzvimbo yakanaka kuti unge uchifungisisa nezvazvo. Uye ndine tariro yokuti munhu wose ari muno, asati asangana naYe, uye uchiziva kuti wakanyatsobarwa patsva neMweya waMwari, kuti wakagara pabazi iri manheru ano. Asi, imi vanamuzvinabhizimisi, ndinotarira kuti makagara apo patiri kuti ndipo pakange pagere Zakeo, kumusoro mumuti we muonde, pane mapazi paisangana nzira mbiri, yako neyaMwari.

172 Zvino akati, “Munoziva here zvandinotenda kuti ndizvo zvandichaita? Ndichadhonzera mashizha aya kuno ndozvivanza.” Akabva anyatsozviputira. Ndokuzvisiira kahwinda kadiki kokutarisa nako, munoziva, keshizha rimwe chete, raakwanisa kudhonzera pasi, achiti, “NdichaMuona kana Achinge auya, asi haAsi kuzombondiona. Haasi kuzomboziva kuti ndiri kumusoro kuno.”

173 Zvino painge agerepo, kwapera chinguva, achifunga nezvazvo, pakabva pauya ruzha ruchibva nepakona.

174 Chinhu chinoshamisa, asi, pose pana Mwari, zvinoita sokunge panoita ruzha rwakawanda. Zvinoshamisa, asi ndizvo.

175 Munoziva, Isaya, mutemberi, mushure mokufa kwaUzia, akange ari zasi ikoko. Zvino akanzwa ruzha, uye temberi yose yakange ichizunguzika. Mbiru dzakabviswa panzvimbo dzadzo. Zvino pakange paine Ngirozi, maSerafimi, ipapo, anova iwo maKerubhi, anopisa zvibairo, kupa uyo anenge atendeuka kodzero yokuenda paaritari. Zvisikwa zvikuru izvi, zvakadarika Ngirozi, zviine mapapiro aZvo akafukidza huso hwaZvo, nemapapiro akafukidza tsoka dzaZvo, zvichibhururuka nemapapiro maviri, zvichidanidzira, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Ishe Mwari Samasimba.”

176 Kana Ngirozi ichifukidza chiso chaYo chitsvene, kuti isangane naMwari, ko tichazitora sei chitendwa tofukidza hwedu nacho? Zvichatitora Ropa raJesu Kristu kutifukidza, ipapo tova vanakomana. Asiri maitiro *aya*, kana maitiro *ayo*, asi Ropa. Mwari vagara nguva dzose... Nzvimbo yaVo yoga yavanosangana nemunhu kuti vayanane pasi peRopa rakadeurwa, apo chizenga cheHupenyu... .

177 Mukupirisa kwakare pasi pe—pemurairo waMosesi, vaiunza mhuka. Zvino pavaipamura chizenga cheropa remhuka iyi, gwayana, munamati ainamata. Asi hupenyu hwakange huri mumhuka hawaikwanisa kudzoka pamunamati, nokuti hwakange huri hupenyu hwemhuka yakange isina munhu wemukati. Zvino hwakange husingakwanisi kudzoka pamunamati. Naizvozvo chaingova chi—chifukidzo. Yaingova nzvimbo yaizogara kusvikira pane imwe nguva.

178 Asi pakapamurwa tsinga yaEmanueri, Jesu akange asiri muJudha kana muHedheni. Maona? Murume anounza chizenga nemuropa, zvino chizenga cheropa chinobva kumurume. Mudzimai... .

179 Zvino imi vanhu vechiKatorike, kwete kuti ndipesane nemi, asi munomudana, “Maria, amai vaMwari,” ko Mwari angava sei naamai? Mudzimai aingori chirindiriro.

Munoti, “Zvakanaka, za—zai rakabva kumudzimai.”

180 Asi zai harina kubva kuna Maria. Dai zai rakabva kuna Maria, zvino paifanira kuva manzwiwo emanyawi. Tarira pamunozoisira Mwari. Mwari vakasika zvose zai nechizenga cheropa.

181 Akange asiri muJudha kana muHedheni. Akange ari Mwari, pasina chatapudzwa. Akange ari Mwari, achiratidzwa munyama. HaAna here kuti, tinozviverenga mumaGwaro, kuti, “Mwari vaiva muna Kristu, vachiyananisira nyika kwaVari”? Aive Emanueri. Akati, “KwaNdiri, uyo... .”

182 Akati mumaGwaro pano, waro, “Ndiyani angaN dipomera mhosva yechivi? Ndepapi pandakundika kuita nemazvo izvo

zvakanjorwa pamusoro paNgu? Nzverai maGwaro. Munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, mukuAnzvera, zvino Ndiwo AnoNdipupurira. Uye ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, zvararo musaNditende. Asi kana ndikaita mabasa, kunyangwe musingagone kuNditenda, tendai mabasa Andinoita, nokuti anopupura kuti Ndini Ani.”

¹⁸³ O, izvo muKristu ari kushaiwa nhasi, zveropafadzo raakapiwa naMwari, neezvinhu zviru muBhaibheri! Ndingade kutora chidzidzo kubva ipapo! Nguva haitenderi.

¹⁸⁴ Akanzwa ruzha. Ndokusimuka. Akati, “Zvakanaka, vanofanira kunge vari vaumburuki vatsvene vaya vari kuuya.” Ndokudzikisa shizha pasi, ndokumira zvisvishoma. Kwaperi chinguva, akacherechedza, vachiuya nepakona.

¹⁸⁵ Paifanira kunge paiva nemumwe muchinda mukuru, akange akatsiga ari pamberi. Ndiri kumuona, achiita kunge murume murefu, hofori, aine mapfudzi akatwasuka, aine makore angade kuita makumi matanhatu nemashanu okuberekwa, achifamba aine chimuti muruwoko rwake. Aifanirwa kunge ari uye watinoti, waAkadana kuti, “Simoni,” akazomupa rimwe zita rokuti *Petro*, zvinoreva kuti “chapupu,” kana kuti “dombo duku.”

¹⁸⁶ Kumashure, varume gumi nevaviri vakange vakaMupoteredza. Vanhu vaimhanyira, kunobata uyu—uyu Rabhi paAinge achipfuura. Ndinogona kuvanzwa vachiti, “Musabata Rabhi. Akaneta. Aparidza usiku hwose. Simba rabuda maAri. Akashoshoma, nokuda kwekutaura. Musabata Tenzi wedu. Anofanira kuchienda zvino. Anofanira kuva nokudya kwaKe kwamasikati. Yakwana nguva yaKe yekuti anodya. Zvino tapota musaMubate. Mirai parutivi, mungazviitewo here, tapota, murege Rabhi vapfuure.”

¹⁸⁷ Hepanoi Amira. Zvino apo Zakeo, muzvinabhizimisi wedu muduku wemuJeriko, paakatarisa Jesu kekutanga, Airatidzika zvakasiyana nevamwe vanhu vose vaakamboona.

¹⁸⁸ Ngatiisei kachiitiko kaduku ipo pano. Mumwe mudzimai aigona kunge akauya nemwana mucheche. Zakeo anotarisa necheuko, kuti aone kuti ndiani. “O, ndinorangarira chiremba paakange ari kumba nerimwe ramazuva. Ndakange ndimirepo apo muprisita akange akamirawo ipapo, zvakare. Chiremba akati, ‘Mwana uyu haasi kuzorarama. Muisei mune imwe kamuri mobva mavhara mikova yose. Musarega muchipinda mweya.’ Zvino hepano mhuri iyi yemipengo yanzwa nezve Murume uyu wenhema, Anozviti Muporofita weGarireya. Vari kuuya pano, vachiunza kacheche kaya, ko sei, zvakadai, murawo weguta unofanira kuMusungu. Ndichaona nezvazvo, kana tasangana, neboka revatungamiriri. Tichaongorora kuti kana munhu, akatevera mupengo wakaita sezvakadai, haakwanise here kumbobatsirwa. Anenge arasikirwa nepfungwa dzake.”

189 Zvino ndinoona murume wacho achimhanya achiti, “Ndine mwana ave kufa pano, changamire. Hamungangotenderawo here kuti muPorofita amubate? Ndinotenda kuti Iye muPorofita waMwari. NdakaMuona mune mimwe misangano, uye ndakanzwa nezvaKe, zvino ndinoziva.”

“Kwete. Ndine urombo. Pane vakawanda.”

190 Asi, mushure mechinguva, mudzimai muduku anouya, akabata mwana, zvino mwana akange asisina hupenyu. “Ingoitai kuti Amubate. Ndizvo zvoga zvandiri kuda. NdinoMutenda. Ndinotenda, kana Akabata mwana wangu!”

191 “Hatikwanisi kuzviita, mudzimai.” Iye ari kure navo, zvisinei, Akamira munzira yake.

Zvino ndinoona Zakeo achisimudza shizha achitarisa.

Akati, “Unzai mwana pano.”

192 Pavakaunza mwana ipapo, kaingova kamutumbi kaduku, kaibuda chiutsi, kachipisa zvikuru. Vakafukura machira akange akakaputira. Ndokuisa minwe yaKe paari. Amai vakange vamirepo, vaiva nemeso akanaka, echiJudha. Misodzi yayiyerera ichidzika nepamatama avo. Uye baba vacho vakange vakamirapo, vakasimudza mawoko avo mudenga, vachitenda. Zvino Akaisa munwe waKe pamusoro pemwana, fivhiri ikaenda. Kamwana kakasvetuka kubva mumawoko aamai ndokuenda kachidzika nemugwagwa.

193 Zakeo akashandura pfungwa yake. “Panofanira kuve paine chimwe chinhu chemazvirokwazvo paMurume uyu. Asi, ndinofanira kungwarira. Ndinofanira kuramba ndakavhara neshiza rangu, kuitira kuti Asandione. Ari kuuya nekuno.”

194 Haukwanise kuva nekutarisa kwechokwadi panaJesu Kristu ugoramba uri zvimwe chete. Pane chimwe chinhu pamusoro paKe chakasiyana nevamwe varume vose. Kana ukaMunzwa achitaura, unoita semasoja echiRoma, “Hakuna munhu akambotaura zvakadai.”

195 Vapisita vaitaura nezvezvimwe zvinhu. Munhu achingori nehunhu ihwohwo humwe chete. Tinahwo nhasi. Munhu nguva dzose anorumbidza Mwari nezvaAkaita, achitarisira kune zvaAchazoita, achisiya izvo zvaAri kuita. Ndizvo zvakaita hunhu hwemunhu. Hwagara huri ihwo hunhu hwacho.

196 Asi munhu akangotarisa, Jesu Kristu, haazorambi ari zvimwe chete, anogona kuMuona achizviratidza.

197 Ndicho chikonzero, kana wakasimbiswa neMweya Mutsvene, chisimbiso chinenge chiri mativi ose maviri ebepa, zvose kuuya nokuenda. Vanokwanisa kuona mafambiro, matauriro, Hupenyu hwaKristu huchiratidzwa imomo, muvanhu vaKe. Ndicho chaive chinangwa cherufu rwaKe, kuti Chechi ienderere mberi nebasa raKe. Asi tazvibanidza muboka rine zvese-zvese.

198 Zvino tinocherechedza, paAkatanga kuenda, achifamba achidzika nemugwagwa. Zakeo anoti simudzisei shizha rake mudenga, ari kuda kunyatsoMuona zvakanaka paAnenge achipfuura. Zvino akanyatsozvifukidza, akazvivanza zvakanaka. Mushure mechinguva, anofanira kuzosimuka *seizvi*, kuti atarise. Jesu akange ari kuuya nepasi pake chaipo.

199 PaAkange ave kupfuura nepo, Jesu akabva amira, ndokutarisa mudenga, ndokuti, “Zakeo, kurumidza. Buruka kubva mumuti. Ndiri kuenda newe kunodya kudya kwamasikati kumba kwako nhasi.” Mutsauko wakadini! Akabva aziva kuti aiva Muporofita uyo Ishe Mwari akange amutsa. Haana kungoziva chete kuti aive mumuti, asi akaziva nezita rake.

200 Bhaibheri rakati, “Shoko raMwari rinopinza kudarika munondo unocheka nemativi maviri, rinobaya richipatsanura, mwongo wemapfupa, uye Munzveri wepfungwa nezvinangwa zvemoyo.” “Pakutanga kwakange kuine Shoko, uye Shoko rakange riri kuna Mwari, uye Shoko rakange riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pavo. Uye takaMuona, uyo Akaberekwa naBaba ari oga.”

201 Heunoi Uyo, Shoko raMwari, raratidzwa kuna Zakeo uyu. Akadzika achibva mumuti, nokukurumidza, kunotendeuka.

202 Zakeo, muzvinabhizimisi pano manheru ano, rangarira, haukwani kuvanda pasi pemashizha emuonde. Anoziva chaipo paugere. Anokuziva. Anoziva kuti ndiwe ani. Anoziva zita rako. Anoziva kuti sei uri pano. Anozviziva nezvazvo zvose. Ndizvozvo.

203 Zvino isu takasangana naYe, uye tikaMuziva, tikava vadzidzi vaKe, tinoziva izvo zvaAri nezvaAnoitira vanhu. Tinoziva kuti Anoramba ari zvimwe chete.

204 Zakeo akaburuka, aine maonero ekutendeuka. Akati, “Kana...Ishe, kana paine munhu wandakanyengera, ndinomuripira. Ndichatora mari yangu; ndichapa kuvarombo.” Munoono, akange atowana kare Parera riya rine mutengo wakakura. Akange awana chimwe chinhu chaidarika bhizimisi rake. Akange awana chimwe chinhu, Chinhu chiya.

205 Zvino vanhu vese vanoedza kuita chimwe chinhu. Asi kana ukarasikirwa neHupenyu Husingaperi, zvino kubudirira kwako kwose kunenge kwakuitirei? Pfuma hurusa inogona kuwanikwa nemunhu kuwana rusununguko.

206 Sekutaura kwandaita, muTestamende Yakare, apo chizenga cheropa pachakapamurwa kubva pagwayana, hawaikwanisa kuzodzoka pamunamati, nokudaro aibvapo achiine chishuvo chimwe chete chokuita chivi. Asi panyaya iyi, apo, nokutenda tikaisa mawoko edu pamusoro pechizenga cheRopa chakapamurwa paKarivhari; kwete rechiJudha, kana chizenga cheropa remuHedheni. Rakange riri Ropa raMwari,

zvino Hupenyu uhu hwakabudamo hunounzazve Hupenyu hwaMwari kwatiri, hunova Hupenyu Husingaperi. Inzwi rechiGiriki rinoshandiswa ipapo, *Zoe*, zvinoreva kuti, “Hupenyu hwaMwari pachaVo,” uye Hupenyu chaihwo hwaiva muna Kristu, aiva ari Mwari.

²⁰⁷ Mutumbi waive Munhu, ndizvozvo. Asi Mwari, Musiki, Akagadzira munhu wekutanga! Ko akabvepi kana Asina kumugadzira? Mwari, Musiki, pasina chaimubatsira, akasika Adhama. Mwari, Musiki, akagadzira Munhu, Kristu Jesu, Mwanakomana waKe, mumimba yaMaria. Uye akange Ari Emanueri. Zvino apo chivi . . .

²⁰⁸ Kwete nokuda kwekuti Aifanira kufa; Akahuradzika pasi. Asi nokuda kwekuti chivi chakarova, pfumo rakatsemura moyo waKe, zvino chimwe chinhu chakaitika. Hupenyu hwakadzoka pamunamati. Zvino chii? “Ipapo hatichisina mufungo wechivi,” sekutaura kwemunyori wevaHebheru. “Chishuvo chechivi chinenge chaenda.” Ipapo, zvino tasununguka.

²⁰⁹ Zakeo; pavakaona Jesu achikwira Gorogota, kuti anorovererwa.

²¹⁰ Pasina kupokana kuti Dhiyabhore agara nguva dzose achiMupokana. Dhiyabhore akaMupokana paakaMuona kekutanga, paAkaenda murenje, mushure mokunge Mweya Mutsvene wauya paAri. Akati, “Kana uri Mwanakomana waMwari, tiratidze munana. Shandura matombo aya kuti ave chingwa.” Dhiyabhore iyeye haasati afa. “Ndiratidze munana.”

Jesu akati, “Zvakanyorwa, zvichinzi, ‘Munhu haararame nechingwa choga.’”

²¹¹ PavakaMubata uko muruvazhe, boka radhiyabhore, masoja echiRoma, ndokumusunga mawoko aKe kumusana kwaKe, zvino ipapo akaMurova kumusana nerutsanga pamwe nechamboko chine tsarapu pfumbamwe, kusvika pakuzadzikisa chiporofita chevaporofita. “Nokuti akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu, akarwadziswa nokuda kwezvakaipa zvedu, kurohwa kwakatavigira rugare kwaive pamusoro paKe, uye takapodzwa nemavanga aKe.” Zvino paAkange ari kukotama . . .

²¹² Zvino masoja akamusungirira chijira chakapoteredza musoro waKe, vakaMurova mumusoro nerutsanga. Vaitambidzana, vachiti, “Kana Uri Muporofita, tiudze kuti ndiyani aKurova. TinozoKutenda.” Kunyombwa uku, nemate emasoja akadhakwa zvaive kumeso kwaKe!

²¹³ Dhiyabhore akati, “Haangambova Mwari. Haangambova kana muporofita. Munyengeri.” Asingazivi kuti Magwaro anofanira kuzadzikiswa.

²¹⁴ Zvino patinoMuona achikwira kuenda Karivhari, Mutarisei. Ndiri kuda kuti unganane ino ione chiratidzo chaKe.

Ngatidzokerei kumashure, mazana gumi nemapfumbamwe emakore akapfuura, kwechinguva, uye nyatsonditeereri. Kwakasviba pamusoro peJerusarema. Sei? Zvipiriso zvarambwa naJehovha. Chimwe chinhu chave kuda kuitika. Apo ropa raipiswa paaritari, Mwari akariramba. Chibairo chechokwadi chiri kukwira nemugwagwa. Ndiri kunzwa kudhumira-dhumira kwechimwe chinhu. Totarisa pasi, hoyo woenda muchinjikwa wakare wakakwasharara, pasi pemurango wehurumende yevaRoma, pamusoro peMunhu asina chaakaita.

215 Zvino ndinoona mumwe mudzimai muduku achimhanyira pamberi, achiti, “Chii chaAkaita kunze kwekupodza varwere venyu nokumutsa vakafa?”

216 Mumwe munhu akamurova mbama kumeso, akati, “Mungatende here mudzimai uyu musati matenda muprisita wenyu? Kure neMunhu wakadai!”

217 Tarisai batye raKe. Pane madzvanga maduku matsvuku pariri rose, kumusana. PaAnoenda mberi achikwira chikomo, madzvanga anowedzera kukura achingokura. Mushure mechinguva, ose anoguma ave rimwe chete. Pane chinhu chaichapukira paAri. Chii? Iropa raKe. Zvino muchinjikwa uri kutara pamusoro petsoka dzeAkautakura.

218 Ndinoona nyuchi yerufu ichiuya ipapo, ichibhururuka ichtenderera paAri. “NdichaMwana zvino. Dai Anga ari muporofita, Angadai—Angadai aita chimwe chinhu zasi uko pavaimusvipira kumeso kwaKe. Dai Anga ari muporofita, haAiita zvaAri kuita iye zvino. Ndinoziva kuti ndichaMwana chete.”

219 Munoziva, nyuchi yose, chipembenene chose, chine rumborera machiri, zvino rumborera urwu chinhu chakaipa.

220 Zvino rufu rune rumborera marwuri. Asi Mwari akatozoitwa nyama. Rwaigona kupfondera muporofita rworamba rwakamubata. Rwaigona kupfondera munhu akarurama rworamba rwakamubata. Rwakapfondera Dhavidhi rwukaramba rwakamubata. Asi heunoi Mwari, zvino anga asingazvize. Nyuchi iyi inosimuka ichibva mugehena, ndokubhururuka ichiMutenderera. “NdichaMwana chete.”

221 Asi kana nyuchi ichinge yanyatsodzikisa rumborera rwayo zvakadzika, zvinodzipura rumborera kubva pairi.

222 Zvino kana nyuchi iya yerufu yaikwanisa kudzikisa rumborera rwayo mumunhu akaita seni kana iwe, hapana chaitika kwairi. Asi paiva ne—nemutumbi wakagadzirirwa; asi paakanyudza rumborera irworo muna Jehovha, nyama yaMwari, yakasikwa, pasina kusangana kwemurume nemudzimai. Zvino paakabairira munyama iyoyo, akarasikirwa nerumborera rwake. Zvadaro, haachisina rumborera.

223 Ndosaka Mutsvene Pauro uya mukuru aikwanisa kumira, pavainge vachivaka nzvimbo apo vaizomudimura musoro. Akati, “O rufu, rumborera rwako rwuripi? Bwiro, kukunda kwako kuripi? Asi Mwari ngaavongwe, Anotipa kukunda nemuna Ishe wedu Jesu Kristu.” Hongu.

224 O, kana munhu akangozvibata paanozviona, zvimwe zvinhu zvose zvinozouya kumashure. Bhizimisi rako rinozouya kumashure, zvinhu zvose. Kwete, hazvichisina basa zvakanyanya. Uchangogara pano kwekanguva kadiki, asi Izvi ndizvo zvinotanga. “Zvichabatsirei munhu kana akaraskirwa... akawana nyika yose, orasikirwa nemweya wake?”

225 Zakeo! O, Zakeo! Zvimwe kuda haasi Rabheka ari kumba, ari kunamata, asi pamwe ndevamwe amai vakaenda seri kwechidzitiro. Minamoto yavo ichiri paaritari yaMwari. Kana zviru izvo, Zakeo, buda uchibva kuseri kwemashizha emuonde manheru ano: iyo korona yechitendwa chesangano yawakabaturira pairo, usina kuBarwa Patsva; chimwe chinhu ichocho chawakabaturira pachiri, uye hausati wambova nehumbuu hwekuti Mwari vari mazviri. Vanonyatsoziva pawakagara. Ko wadii wazviita?

Ngatikotamisei misoro yedu kwekanguva.

226 Mwari Samasimba, Jehovha mukuru anotyisa Uyo akadzvova kubva paGomo reSinai, kusvikira vanhu vakati, “Regai Mosesi ataure kwete Mwari, kana kuti tinofa.” Taurai manheru ano, Baba vedu voKudenga, mutsitsi nekuregerera, mumoyo yevanhu vasingaKuzivei. Uye muvaite kuti vazive kuti ino ndiyo nguva yacho. Kuti, pamwe vakavanda seri kwemabhizimisi avo. Panogona kunge paine vanamuzvinabhizimisi vakawanda pano, Baba, va—vasinganyatsoKuzivei. Zvichida vane chechi yavanopinda, uye hapana chakaipa chatingataure pamusoro pazvo. Asi havana kumbobvira vakabarwa patsva. Havatombosivi kuti chimbori chii.

227 Uye tinoziva kuti hapana kachidimbu kamwe kana vara dukusa rimwe ringapfuura kubva muShoko Renyu. Makati, “Denga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu haripfuuri.” Uye Makati, “Kunze kwekunge munhu abarwa patsva, nemvura neMweya, haapinde muHumambo.” Ndinonamata, Baba, kuti Muchataura kuhana manheru ano panguva ino. Itai kuti varume nemadzimai vafungisise, ipo panguva ino, tichiziva kuti tiri kurarama munguva dzokupedzisira.

228 Israeri yave munyika yayo, karenda huru yaMwari. Iri kudzokera, ichitsvaka, “Aripiko Mhesiya?”

229 Tinoziva kuti Josefa paakazvivizisa kuvakoma vake, akaburitsa vaHedheni kubva muruvanze. Mudzimai wake nevana vakange vari mumuzinda. Panofanira kuva nokubviswa

kwevaHedheni, kuitira kuti Israeri iziviswe. Ipapo panozouya nguva yekuungudza nokuzhambatata nokuchema, “Ko Makawanirepi mavanga aya?”

²³⁰ Akati, “Mumawoko eshamwari yaNgu. Kubva kushamwari dzaNgu ndiko kwandakawana mavanga aya ari muruwoko rwaNgu,” muimba maAifanira kunge akanyatsogamuchirwa, paAchaZvizivisa kuIsraeri zvakare.

²³¹ Mwari, apo vaHedheni vachiine mukana, dai vakatendeuka nokukurumidza vagouya kwaMuri.

²³² Apo takakotamisa misoro yedu, Zakeo, ndiri kuda kuti unyatsotendeka kwechinguvana, navana Rabhekawo, zvakare. MuMharidzo duku iyi yakadimbuka-dimbuka, kana panga paine chimwe chinhu chatura nemoyo wako chichiti, “Handisati ndambogamuchira chiitiko icho che—cheMweya Mutsvene, Evhangeri izere, asi ndiri kuda kuti ndive nacho. Ndiri kuda kuti mundirangarirewo mumunamato, Hama Branham. Ndichangosimudza ruwoko rwangu, kwete kwamuri, asi kuna Mwari.” Uye uchiti, “Ndinamatireiwo.” Zvino ndichapedzisa munamato, ndichikurangarira. Mwari vakuropafadze. Mwari vakuropafadze, iwe, iwe, iwe, mawoko akawanda.

²³³ Unoti, “Zvine basa razvinoita here, Hama Branham?” Zvirokwazvo. “Sei zvakadaro?”

²³⁴ Munoono, sainzi inokuudza kuti haukwanise kusimudza ruwoko rwako, chaizvoizvo. Nokuda, kwei? Simba rekudhonzera pasi renyika rinobata ruwoko rwako rwuri pasi. Asi une mweya wehupenyu mauri. Zvino hupenyu uhu huri mauri, humwe Hupenyu hwauya pahuri uchiti, “Wakakanganisa.”

²³⁵ Zvino watyora mitemo yesainzi, ukasimudza ruwoko irworwo kuMusiki, uchiti, “Ndirangarireiwo.” Achazviita. Kana wanga uchinyatsorevesa, Achakutora pashoko rako. Mwari akuropafadzei kumashure uko. Pane here mumwe munhu zvino tisati tapfiga? Ndiri kuda kuita munamato muduku, ndichanamata muchinguva chinotevera. Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadze. Pane mumwe munhu here?

²³⁶ [Imwe hanzvadzi muungano inotaura mamwe Magwaro—Mupepeti.] Ameni. Zvetsitsi, murandakadzi muduku uyu asimuka ari pasi peMweya, achitaura vimbiso.

²³⁷ Unga—ungasimudze here ruwoko rwako kana usati wazviita? Uye iti, “Chete...” Ndizvo zvoga zvandichakukumbira kuti uite. Ingosimudza ruwoko rwako, uchizviona kuti wakakanganisa, uye uri kuda tsitsi. Imba yakazaruka. “Pane Chitubu muimba yaDhavhidha, chakazarurirwa zvivi nekusachena.” Ungazvigamuchire here manheru ano, pane mumwe here, tisati tavhara zvino? Kwava nemawoko makumi mana, makumi mashanu asimudzwa

muimba muno, evarume nemadzimai, vaduku nevakuru, vasimudza mawoko avo. Zvakanaka. Mwari vakuropafadzei, changamire. Zvakanaka.

Ngatinamatei.

²³⁸ Ishe Jesu, ndinotenda kuti mawoko aya asimudzwa muhudzamu hwekuperera. Munoziva vavariro yavo. Munoziva chinangwa chavazviitira. Uye ndinonamata, Baba voKudenga, kuti tsitsi Dzenyu dzaMwari dzizorore pamusoro pemumwe nemumwe wavo. Dai manheru ano ikava nguva yeshanduko. Dai vaita zvokutsvedza vachidzika kubva mumuti wechiFarise chekuzvigadzirira. Dai vaita zvokutsvedza vachidzika kubva mumuti, pamberi paJesu Kristu, vachiti, “Ishe, kana ndakakanganisa, ndakagadzirira kunogadzirisa.” Zvino kubva mukamuri duku ino yemabiko manheru ano, Baba, Muchaenda navo kumba, zvakare, munodya pamwe navo, uye mogoramba muinavo muhupenyu nemunaZiendanakuenda rose. HaMungozviitawo here izvi, pandiri kupira munamoto wangu kwaMuri ndakavamiririra?

²³⁹ Makati, “Hapana munhu anokwanisa kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamudhonza pakutanga. Uye vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri.” Makazvivimbisa.

²⁴⁰ Uye zvino, Ishe Mwari, ava vari kupiwa semikombe yenyasha nerudo. Vari mumawoko eNyu, uye hapana munhu anokwanisa kuvabvuta. Vaine kuperera kwakatendeka mumoyo mavo, nekupupura kwakatendeka kwavaita, kuti vari kuda kutendeuka kubva kunzira dzenyika, vachienda kunzira dzaMwari, muhupenyu hwavo.


²⁴¹ Vagamuchireiwo, O Ishe, ndakumbira, pandiri kuvareverera, ndimire pamberi peChigaro cheNyu chiChena chikuru. Nokutenda timirepo, takatarisa paChigaro chichena chaMwari, paine Chipiriso chizere neRopa chakarara pamberi pedu, chichitireverera pakupupura kwedu. Vabatsireiwo, Baba. Ndinovaunza kwaMuri sezvipo zverudo, nemuZita raJesu Kristu. Amen. Amen.

²⁴² Zvino, mumwe nemumwe wenyu asimudza ruwoko rwake, ndiri kuda kukukumbirai kuti mundiitire chimwe chinhu. Ndiri kuda kuti musangane nevamwe vevashumiri vari pano, mugovataurira kuti magamuchira Kristu seMuponisi wenyu, zvino munoda kubhabhatidzwa, uye munoda kuzadzwa neMweya Mutsvene. Zvino Mwari vachakuitirai saizvozvo.

²⁴³ Iye zvino, pane zvimwewo zvandanga ndichifunga, asi hatizova nenguva, nokuti kwave—kwave nemaminiti angaita mashanu kuti tivhare nzvimbo ino, asi ti—tinokoshesa kutsungirira kwenyu.

²⁴⁴ Zvino mawoko enyu ose aenda mudenga, zvino, handina kuziva chaipo paange ari, anga angori kwese-kwese. Asi

pawasimudza ruwoko rwako, zvirokwazvo wanga uchirevesa. Hauna kusimudza ruwoko rwako zvekungozviitawo. Kana zviri izvo zvawaita, hunyengeri. Simudza ruwoko rwako. Usafe wakaita chinhu kunze kwekunge wakanyatsoperera pakuchiita. Zvino kana watora sarudzo iyoyo, uye zasi mumoyo mako uchirevesa kuti wazviita, zvino chifamba nazvo wakaperera. Mwari vachakuremekedza.

²⁴⁵ Nhai, gara zviya, munoziva here zvakaitika kuna Zakeo? Mungada here kuziva zvakaitika kwaari? Akazova nhengo yeFull Gospel Business Men's Association yekuJeriko. Haungadi kujoinhwo, here? 

ZAKEO, MUZVINABHIZIMISI SHO63-0121
(Zacchaeus, The Businessman)

Mharidzo iyi nehama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Muvhuro manheru, 21 Ndira, 1963, pamabiko eFull Gospel Business Men's Fellowship International paRamada Inn muTucson, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2017 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org